



Kesyon pou w Poze Konsènan Kansè w

Si yo te di ou gen kansè, ou ka gen anpil kesyon. Doktè w oswa ekip swen kansè w la se pi bon kote pou kòmanse poze kesyon sa yo.

Men kèk kesyon ou ta ka poze ki ka ede w pi byen konprann kansè w, tretman w ak efè segondè w yo. Se sèten ke ou pral gen lòt kesyon tou.

Lè yo di w ou gen kansè

- Ki tip kansè ou panse mwen genyen?
- Poukisa ou panse mwen gen kansè?
- Ki kote ou panse kansè a te kòmanse nan kò mwen? Èske li pwopaje nan lòt pati nan kò a?
- Èske w konnen stad kansè a? Kisa stad sa vle di pou mwen?
- Èske mwen bezwen fè lòt tès?
- Ki moun ki pral fè tès sa yo? Kilè ak ki kote yo pral fè yo? Ki moun ki ka esplike m yo?
- Kijan ak kilè mwen pral jwenn rezilta yo? Ki moun ki pral esplike m yo?
- Ki chans mwen genyen pou m siviv kansè a?
- Èske yo ka fè tès byomakè oswa molekilè pou tip kansè mwen an?
- Èske mwen ta dwe reflechi sou konsèy jenetik ak tès pou tèt mwen oswa fanmi mwen?

Deside sou yon plan tretman

- Ki chwa tretman mwen genyen? Ki kote mwen ka aprann plis sou opsyon sa yo?
- Ki tretman ou sijere? Poukisa?
- Ki objektif tretman sa a? Èske w panse li ka geri kansè a?
- Ki risk ki genyen nan tretman sa a?
- Nan konbyen tan mwen dwe kòmanse tretman?
- Kisa ki pral rive si mwen deside pa resevwa tretman kounye a?

- Ki eksperyans ou genyen nan trete tip kansè sa a?
- Èske mwen ta dwe jwenn yon dezèm opinyon? Kijan mwen ta ka fè sa?
- Èske mwen pral bezwen fè chiriji?
- Si map bezwen fè chiriji, èske m ap bezwen lòt tretman anvan oswa apre chiriji an?
- Èske gen yon esè klinik ki ta ka bon pou mwen?
- Èske m ap kapab fè pitit apre tretman an? Èske gen bagay ki ka fèt pou pwoteje kapasite m genyen pou m fè pitit alavni?

Asirans ak enkyetid lajan

- Kiyès ki ka ede m konnen kisa asirans mwen an kouvri ak sa m ap gen pou m peye poukont mwen?
- Ki sipò finansye mwen ka jwenn pou ede peye sa asirans pa kouvri oswa ak lòt bezwen chak jou?
- Kisa mwen ka fè si mwen pa gen asirans sante?
- Kisa mwen ka fè si mwen pa kapab peye tretman mwen bezwen yo?
- Èske gen yon konseye finansye oswa yon navigatè pasyan mwen ka pale?

Preparasyon pou tretman

- Kijan tretman mwen an pral ye? Konbyen tan tretman mwen an pral dire?
- Ki kote mwen pral ale pou tretman? Ki moun ki pral fè tretman mwen yo?

- Èske mwen pral kapab ale nan travay oswa lekòl, pase tan ak fanmi mwen, epi kapab fè aktivite chak jou mwen pandan tretman an?
- Kisa mwen ka fè pou mwen prepare m pou tretman?
- Èske map kapab kondwi vini, oswa mwen ta dwe jwenn yon woulib? E si mwen pa kapab jwenn yon woulib pou vin nan tretman?
- Èske gen yon bagay mwen ka fè pou ede tretman an mache pi byen?
- Ki efè segondè mwen ka genyen nan tretman sa yo?
- Èske m ap gen pou m pran nenpòt prekosyon espesyal pandan y ap trete m?
- Èske ou ka sijere yon pwofesyonèl sante mantal mwen ka wè si mwen kòmanse santi mwen enkyete, deprime, oswa an detrès?
- Èske mwen pral bezwen èd nan kay la? Si wi, kiyès ki ka ede m konnen kijan pou m jwenn èd m ap bezwen an?

Pandan tretman an

- Ki pi bon moman pou m rele si m gen yon kesyon oswa yon pwoblèm? Nan konbyen mwen ka atann yap rele m tounen?
- Kisa mwen ta dwe fè si mwen gen yon pwoblèm grav lè biwo ou fèmen?
- Èske m ap bezwen tès espesyal, tankou eskanè imajri oswa tès san, epi si se sa, chak kilè?
- Èske map gen pou chanje sa mwen manje pandan tretman an?
- Èske mwen pral kapab fè egzèsis pandan tretman an? Ki tip egzèsis map kapab fè, epi chak kilè?
- Ki enfòmasyon ki genyen sou vitamin espesyal oswa alimantasyon ke zanmi m yo palem yo? Kijan mwen pral fè konnen si yo san danje?
- Kijan nou pral fè konnen si tretman mache?

- Kisa nou ta dwe fè si tretman an pa mache?

Si w gen sentòm oswa efè segondè nan kansè w oswa tretman w

- Konbyen tan efè segondè mwen yo ka dire?
- Ki moun ki ka ede m kontwole sentòm mwen yo ak efè segondè yo?
- Kisa mwen ka fè pou ede kontwole sentòm mwen yo ak efè segondè yo?
- Ki sentòm oswa efè segondè mwen ta dwe fè ekip swen kansè mwen an konnen? Kiyès mwen ta dwe fè w konnen touswit? Kilè mwen ta ka bezwen ale nan ijans oswa rele 911?
- Kilè mwen ta dwe rele ekip swen kansè mwen an? Kilè mwen ta dwe rele founisè swen prensipal mwen an?
- Èske sa ka ede pou m ta wè yon ekip swen palyatif oswa yon doktè pou ede m jere sentòm mwen yo ak fè fas ak kansè mwen an?

Si w chwazi pa fè tretman

- Ki tip swivi mwen pral bezwen? Èske mwen pral kontinye wè ekip swen kansè mwen an oswa sèlman founisè swen prensipal mwen an?
- Ki moun ki ka ede m jere sentòm mwen yo ak fè fas ak kansè mwen an? Èske sa ta ka ede pou m wè yon ekip swen palyatif oswa yon doktè?
- Ki moun mwen ta dwe rele konsènan nenpòt sentòm oswa efè segondè mwen genyen? Kilè mwen ta dwe rele ekip swen kansè mwen an? Kilè mwen ta dwe rele founisè swen prensipal mwen an?
- Konbyen tan ou panse mwen pral viv ankò? Èske hospice ta ka yon bon opsyon pou mwen?
- Ki tès depistaj mwen ta dwe fè pou lòt tip kansè yo? Kilè mwen ta dwe jwenn yo?



Pou plis enfòmasyon ak repons, vizite sitwèb American Cancer Society nan cancer.org oswa rele nou nan **1-800-227-2345**. Nou la lè ou bezwen nou.

